

Administrasyon PA/PTA

PA/PTA dwe devlope ak vote sou sa [PA/PTA bylaws](#) ki jere ak ofri asosyasyon an estrikti. Tout règleman PA/PTA dwe konfòm avèk egzijans Règleman Chanselye a A-660 (CRA-660). Gen yon model règleman entèn PA/PTA disponib nan <http://schools.nyc.gov/Offices/FACE/filesandresources.htm>

Chancellor's Regulation A-660

(CRA-660) egzije tout lekòl pou yo etabli yon asosyasyon paran *Parent Association* (PA) oswa yon asosyasyon paran-pwofesè *Parent-Teacher Association* (PTA) epi li endike estrikti ki jere PA/PTA pou garanti yo etabli dwa paran byen klè.

Pou plis enfòmasyon osijè wòl ak responsablite PA/PTA, ale nan Division of Family and Community Engagement (FACE's) [Parent Association webpage](#).



Pou plis enfòmasyon ak èd:

ale sou sitwèb Lidèchip Paran an nan:

www.schools.nyc.gov/Offices/FACE/BecomingaParentLeader/default.htm

Si w gen nenpòt lòt kesyon, pa ezite kontakte

Division of Family and Community Engagement nan

FACE@schools.nyc.gov oswa

212.374.4118

Asosyasyon Paran ak Asosyasyon Paran ak Pwofesè

Apèsi sou PA/PTA

Division of Family and Community Engagement

[Parents & Families](#)

T&I- 18496 (Haitian Creole)



Kisa yon PA/PTA ye?

Asosyasyon paran Parent Associations (PA) ak asosyasyon paran-pwofesè Parent-Teacher Associations (PTA) se òganizasyon ki nan lekòl la, ki ouvri pou tout paran timoun ki nan lekòl leta Vil Nouyòk. PA/PTA se mwayen prensipal pou paran patisipe nan lekòl pitit yo.

Kouman pou mwen rantre nan PA lekòl mwen an / PTA?

Tout paran, bòpè/bèlmè, responsab legal, foster parent ak moun ki gen relasyon paran avèk elèv se manm PA/PTA lekòl yo ye a otomatikman. There is no need to join the PA/PTA. Ou pa bezwen manm PA/PTA a.

Tèm paran an vle di paran oswa responsab elèv la, oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la.

Pou enfòmasyon espesifik, sou kòman pou patisipe nan PA/PTA lekòl ou a, mande direktè lekòl ou a oswa koòdonatè paran an.

Ki wòl la nan PA/PTA?

PA/PTA ede paran vin enplike nan edikasyon pitit yo, pataje ide, ak anrichi kominote lekòl yo. Chak PA/PTA devlope pwòp règleman entèn li, eli manm egzekitif epi reyini regilyèman.

Byenke wòl espesifik PA/PTA varye, responsablite yo gen ladan:

- Eli paran manm pou fè pati Ekip Lidèchip Lekòl la ak Konsèy Edikasyon Kominote a
- Mennen kanpay pou fè lòt paran patisipe nan vi lekòl la
- Ede nan aktivite tankou reyinyon paran open houses ak sware kourikoulòm.
- Fè aktivite pou kolekte fon fundraising pou pwogram edikasyon, sosyal ak kiltirèl nan lekòl la

PA oswa PTA?

Manm PA kapab vote pou amande règleman entèn asosyasyon an pou ajoute pwofesè ak lòt estaf lekòl ladan. PA ki vote pou ajoute estaf lekòl vin tounen Asosyasyon Paran-Pwofesè Parent-Teacher Associations (PTA).

- Se sèl manm paran ki ka vote pou fè yon PA tounen yon PTA.
- Yo ka amande règleman entèn lan pou ajoute lòt estaf apa pwofesè (tankou parapwofesyonèl, èd lekòl, sekretè lekòl, ak moun k ap travay nan sèvis manje).
- Estaf sipèvizè lekòl pa kapab manm PA/PTA nan lekòl kote yo anplwaye a.
- Anplwaye lekòl la pa ka manm konsèy egzekitif ni manm komite nominasyon PA/PTA lekòl kote y ap travay la.